# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–10 अगस्त 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अजोध्या जिला क दौरा कइलें। येह मौका पर अजोध्या धाम के असर्फी भवन क नया बनल श्रीराम मंदिर में नया विग्रह क प्राण प्रतिस्ठा कइले के सथहीं ब्रह्मलीन जगदाचार्य स्वामी मधुसूदनाचार्य जी महाराज अउर ब्रह्मलीन जगदगुरू रामानुजाचार्य स्वामी माधवाचार्य के मुरती क अनावरण कइलें। श्री योगी कहलें कि बांग्लादेस में हिन्दुअन पर हो रहल अत्याचार पर कुछु राजनीतिक दल आपन मुंह सियले हवें, जबकि उत्पीड़न क सिकार होखे वालन में नब्बे फीसदी से जियादे लोगि दलित वर्ग से हवें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में आयोजित भइल जनता दरसन में चारि सौ लोगिन क समेस्या सुनलें। सथहीं उहां के संबंधित अधिकारियन के समेस्यन के दूर कइले क निरदेस दिहलीं। श्री योगी कहलें कि पीड़ित लोगिन क मददि अउर पात्र लोगिन के सासन क जन कल्याणकारी योजनन क लाभ दियवले में देरी नाही होखे के चाही। येहमें कउनो तरह का कोताही बरदास नाही कइल जाई। येहसे पहिले मुख्यमंत्री गोरखनाथ मंदिर में दुई गो मृतक आश्रित महिला के आर्थिक मददि क चेक सउंपलें।

**********

अयोध्या जिला में गैंगरेप क सिकार भइल बारह बरिस क पीड़िता के लखनऊ क केजीएमयू के क्वीनमेरी अस्पताल से अजोध्या के जिला महिला अस्पताल में भेजि दिहल गइल हौ। पीड़िता के बीतल सोम्मार के लखनऊ केजीएमयू के क्वीनमेरी अस्पताले में भरती करावल गइल रहे, जहवां परिजन क सहमति के बाद ओकर गरभपात करावल गइल। पीड़िता तीनि हप्ता क गरभवती बतावल जात रहे। डॉक्टर कहले रहलें कि पीड़िता क सरीरि डिलेबरी के लायक नाहीं रहे। एकरे बाद परिजन क सहमति से गरभपात करावल गइल। सथहीं डीएनए जांचि बदे सैम्पलो लिहल गइल हौ। डॉक्टर के हिसाबि से लइकनी खतरा से बहरे हौ। डॉक्टर क टीमि लगतारे इलाज अउर देखरेख कइ रहल हौ।

**********

प्रदेस सरकार क मंत्री धर्मपाल सिंह आजु मुरादाबाद हवाई अड्डा से लखनऊ बदे नया उड़ान सेवा क सुभारम्भ कइलें। एयरपोर्ट क अधिकारिक सूत्र बतवलें कि मुरादाबाद से लखनऊ क सफर पचहत्तर मिनट में पूरा होई। मुरादाबाद से मंगर, बियफे अउर सनिच्चर के विमान सेवा उपलब्ध रही।

**********

हर घर तिरंगा अभियान के सफल बनावे बदे आजु बनारस में जागरूकता अभियान चलावल गइल। अभियान में आम लोगिन के अपने घर, सरकारी कार्यालय, स्कूल आ अउरियो संस्थानन पर तिरंगा फेहरावे बदे प्रेरित कइल गइल। येही क्रम में विकास भवन से नागरिक सुरक्षा प्रखण्ड के ओरि से हर घर तिरंगा जागरूकता रैली निकारल गइल। मुख्य विकास अधिकारी कहलें कि तेरह से पनरह अगस्त ले आयोजित होखे वाला हर घर तिरंगा अभियान बदे काशी क आम लोगिन के प्रेरित कइल जा रहल हौ।

**********

आजु विस्व शेर दिवस मनावन जा रहल हौ। येह दिन के मनवले क उद्देस्य शेर क घटि रहल अबादी अउर संरक्षण बदे लोगिन के जागरूक कइल हौ। 'विश्व शेर दिवस' क शुरुआत बरिस दुइ हजार तेरह में बिग कैट रेस्क्यू के ओरि से कइल गइल रहे, जवन शेरन के समरपित दुनिया क सबसे बड़हन अभयारण्यन हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु येह दिवस पर प्रदेसवासियन के बधाई दिहले हवें।

**********

जुलाई माहिन्ना क सीएम डैशबोर्ड रैंकिंग में महाराजगंज जिला के विकास अउर राजस्व योजना के बढ़ियो क्रियान्वयन बदे प्रदेस में पहिला स्थान मिलल हौ। जिलाधिकारी कहले कि सासन क प्राथमिकता हौ कि योजना क लाभ आखिरी मनई ले पहुंचे अउर जिला प्रसासन के येहि मंसा के हिसाब से कार कई रहल हौ।

**********

प्रदेस सरकार वृद्धावस्था पिनसिन योजना में वित्तीय बरिस दुइ हजार चौबीस–पचीस क पहिला तिमाही किस्ति सीनियर नागरिकन के खाता में भेजि दिहले हवे। जिला समाज कल्याण अधिकारी गिरीश चंद्र दुबे बतउलें कि वित्तीय बरिस दुई हजार चौबीस–पचीस में कुलि एक लाख दुइ हजार आठ सौ बेयासी लाभार्थियन के वृद्धावस्था पिनसिन योजना क लाभ मिलि रहल हौ। जेहमें तिरालीस हजार आठ सौ छत्तीस महिला लोगि अउर ओन्सठ हजार छियालिस पुरूस लोगिन के पिनसिन मिलि रहल हौ।

**********

हरदोई जिला मे कुछु दिन पहिले भइल ओकील हत्याकांड में फरार चलि रहल पचीस हजार रूपिया के इनामी बदमास रामसेवक के आजु पुलिस मुठभेड़ के बाद गिरफ्तार कई लिहले हवे। एसपी नीरज कुमार जादौन बतउलें कि तीस जुलाई क ओकील कनिष्क मेहरोत्रा क हत्या कइल गइल रहें, ओ समय पुलिस घटना क अंजाम देवे वाले एगो सूटर के गिरफ्तार कइले के सथहीं सोपारी देवे वाले चारि आरोपियनों के जेल भेजि दिहले रहे। येह मामिला में तीन गो आरोपी फरार रहलें। आजु चेकिंग के दौरान इटौली तिराहा पर एगो बदमास के मुठभेड़ के बाद गिरफ्तार कइ लिहल गइल हौ।

**********

फर्रुखाबाद क डीएम आजु फाइलेरिया क दवाई खा के फाइलेरिया पखवारा क सुभारंभ कइलें। येह मौका पर उहां के फाइलेरिया जागरूकता रैली के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलीं। उहां के कहली कि ई अभियान आजु से सुरू होके दुई सितंबर ले चली।

**********